

# EGZAMEN NIVO ENTÈMEDYÈ SYANS SOSYAL

**DEZYÈM TILIV**

**KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)**

4 JEN 2008

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo.

Egzamen an gen twa pati. Pati I ak II nan Premye Tiliv la; Pati III nan tiliv egzamen sa a.

**Pati III** a baze sou divès dokiman.

**Pati III Seksyon A** a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo pou chak kesyon nan espas ki la pou sa nan tiliv egzamen sa a.

**Pati III Seksyon B** a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv separe pou ekri repons redaksyon, depi premye paj nan tiliv la.

W ap genyen inèdtan edmi pou reponn **tout** kesyon nan Dezyèm Tiliv la epi ekri redaksyon w lan.

**PA OUVRI LIV EGZAMEN AN JISKASKE YO DI OU FÈ SA.**



## **Repons kesyon redaksyon an dwe ekri nan tiliv redaksyon separe an.**

### **Pati III**

#### **KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

**Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Li fèt pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analyze dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.**

#### **Kontèks Istorik:**

Depi fen Lagè Sivil la ak kòmansman ane 1900 yo, endistrializasyon te kreye bezwen pou yon pi gwo mendèv. Kondisyon travay yo te chanje anpil, ki te lakòz souvan difikilte pou travayè yo. Gouvènman, gwoup yo ak moun yo te fè efò pou rezoud anpil nan pwoblèm sa yo. Lavi travayè Ameriken yo te chanje akòz rezulta aksyon sa yo.

#### **Sa w gen pou fè:**

Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon yo ki swiv chak dokiman nan Seksyon A a. Repons kesyon yo ap ede w ekri Seksyon B redaksyon an, kote yo ap mande w pou

- Dekri pwoblèm travayè Etazini yo ant fen Lagè Sivil la ak kòmansman ane 1900 yo
- Diskite aksyon gouvènman an, gwoup yo, ***ak/oubyen*** moun yo te pran pou amelyore lavi travayè Ameriken yo pandan peryòd sa a.

#### **Nan devlopman repons ou pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”**
- (b) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

## Seksyon A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Mwen genyen laj trannsenkan, epi mwen marye; mwen se papa kat timoun, epi mwen viv nan zòn ki genyen chabon pandan tout lavi mwen. Mwen te pase venntwazan nan ane sa yo ap travay nan min ak ozalantou min. Papa mwen se te yon minè. Li mouri dizan desela akòz “maladi opresyon minè yo” soufri.

Twa nan frè mwen yo se minè; okenn nan nou pat jwenn opòtinite pou resewva yon edikasyon. Yo te voye nou lekòl (tankou yon lekòl kote ki te egziste nan jou sa yo) jouk nou te prèske genyen laj douzan, epi yo te mete nou nan sal machin ki kase chabon ki gen pwoteksyon pou nou rannmase adwaz. Depi lè a, nou te ale andedan min yo kòm ti gason gid. Tank nou te grandi ak plis fòs, yo te pran nou kòm travayè, kote nou t ap travay jouk nou te vin anmezi pou rele tèt nou minè. Yo te ban nou travay nan fwon tay [sal rektangilè] ak nan ale. Te genyen nou senk kòm ti gason. Youn kouche nan simityè—senkant tòn wòch anlè te tonbe sou li. Li te mouri twa semèn apre li te jwenn travay li kòm yon minè—yon mwa anvan li te dwe marye. . . .

Nou vin vyeyi vit. Poud, lafimen, lè mouye [gaz toksik], move lè—tout fè yon sèl pou mete pli nan figi nou ak opresyon nan poumon nou.

Mwen pa t fè grèv paske mwen te vle; mwen fè grèv paske mwen te dwe fè grèv. Yon minè—menm ak nenpòt lòt travayè—dwe touche yon salè onèt pou li kapab viv, osinon li pa kapab viv. Epi se pa kantite lajan ou touche a ki konte. Se kantite ou touche a pou achte. Mwen pase nan tout sa, epi mwen panse ka mwen an reprezante yon bon egzanp. . . .

Noumenm, minè yo, nou pa patisiye nan pri chè chabon an. Operatè yo [pwopriyetè min yo] eseye pwouve lekontrè lè yo jwe avèk chif men prèv yo frape yon fay, epi zouti pou pèse a pa montre chabon nan seksyon an. Yon mwatye pri ki peye pou yon tòn chabon nan New York oswa Filadèlfia ale nan pòch pwofit pwopriyetè min lan, swa kòm yon transpòtè [transpòtè chabon] oswa minè a [pwopriyetè min lan]. . . .

Sous: “A Miner’s Story,” *The Independent*, 1902

1a Dapre dokiman sa a, idantifye *de* (2) egzanp kondisyon travay ki pa sennesòf. [2]

(1) _____	Score	<input type="text"/>
(2) _____	Score	<input type="text"/>

b Dapre dokiman sa a, kimoun ki te resewva pi gwo pati pwofi a pou lavant yon tòn chabon? [1]

## Dokiman 2

### Aksyon Gouvènman ki Afekte Travay, 1902–1914

Dat	Gouvènman	Aksyon
1902	Etazini	Komisyon ankèt Prezidan Theodore Roosevelt te akòde travayè min yo yon ogmantasyon salè ak yon jounen travay nèf èdtan.
1903	Eta New York	Yo te entèdi timoun ki poko genyen laj sèzan travay pandan plis pase nèf èdtan pa jou nan izin yo.
1911	Eta New York	Yo te kreye Komisyon an pou etidye sa ki te lakòz dife nan Triangle Shirtwaist Factory ak kondisyon travay ki te genyen nan izin yo.
1912	Eta New York	Yo te pase lwa ki egzije pou genyen eskalye sekou, egzèsis pou deplase vit lè genyen dife ak fenèt konekte [ki reziste kont dife] nan izin yo.
1913	Eta New York	Lwa yo te egzije pou travayè izin yo genyen “yon jou repo sou sèt jou.”
1913	Etazini	Yo te fòme Depatman Travay pou sipòte enterè travayè Ameriken yo.
1913	Eta New York	Lwa yo te fè li ilegal pou anplwaye timoun yo pou fè travay izin nan ansyen biling oswa nan konsèvri.
1913	Eta New York	Nèf èdtan pa jou ak senkannkat èdtan pa semenn travay te vin reprezante kantite maksimòm tout moun ki poko genyen laj dizwitan te kapab travay.
1914	Eta New York	Yo te pase Lwa pou Konpansasyon Travayè yo pou ofri peman pou travayè ki te viktим aksidan nan izin yo.

2a Dapre dokiman sa a, fè lis **de** (2) aksyon gouvènman an te pran ant 1902 ak 1914 ki te ede travayè yo. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

b Dapre dokiman sa a, endike **de** (2) pwoblèm travayè yo te jwenn *anvan* yo te pase lwa sa yo. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

### Dokiman 3

Nan dat 21 Out 1894, Gouvènè John P. Altgeld nan Illinois te ekri yon lèt pou voye ba George M. Pullman konsènan grèv Pullman. W ap jwenn yon ekstrè lèt sa anba a.

... Mwen pa la pou fikse responsablite moral nan ka sa a. Genyen prèske sis mil moun k ap soufri poutèt yo vle manje—moun sa yo se te anplwaye ou—kat senkyèm ladan yo se fanm ak timoun—kèk nan moun sa yo te travay pou ou pandan plis pase douzan. Mwen sipoze menm si yo te fè erè epi si yo te idyo, ou pa ta vle wè yo peri. Epitou mwen sipoze pandan Eta a te fè yon gwo depans pou pwoteje pwopriyete ou, ou pa ta vle fè piblik la mete sou do li pou soulaje chagren ki genyen nan vil ou a. . . .

Sous: John Altgeld, *Live Questions*, George S. Bowen and Son, 1899

- 3 Dapre dokiman sa a, pou kisa Gouvènè Altgeld te kwè George Pullman genyen yon responsablite pou travayè li yo ak pou kominote a? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 4

### Travayè Imigran



Sous: Davidson ak Stoff, *The American Nation*, Prentice Hall (adapte)

- 4 Dapre foto sa a, endike yon aksyon gwoup travayè sa yo ap pran pou eseye amelyore kondisyon travay yo. [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

Anons sa a te parèt nan Ouray, Colorado, *Herald* an Me 1899.

**VINI! VINI!**

# Samuel Gompers

**Prezidan Federasyon Travayè Ameriken**

Epi youn nan figi ki pi enpòtan ak ekstrawòdinè nan  
monn travay la, ap nan Ouray nan dat

**Jedi 18 Me, '99**

A twazè apremidi, epi n ap kite nan landemen a 10:30  
a.m. Pandan sejou kout sa a, piblik la ap jwenn yon  
opòtinite anjeneral pou rankontre li.

### **Yon Pwosesyon Divès Echanj Sendika**

Epi sitwayen yo anjeneral, ki akonpaye avèk bann lan,  
ap rankontre Prezidan Gompers, nan tren an epi y ap  
mennen li nan otèl la. A 8:00 p.m. l ap pale avèk pèp  
la nan Armory Hall, apre sa y ap òganize yon resépsyon  
enfòmèl nan palwa Beaumont.

### **Gwo Chèf Travayè**

OURAY  HERALD

Sous: *Samuel Gompers Papers Project*,  
University of Maryland (adapte)


- 5 Dapre anons sa a, ki wòl Samuel Gompers te jwe nan mouvman travayè yo? [1]

---

---

Score

## Dokiman 6



- 6 Dapre graf sa a, ki tandans jeneral ki te genyen pou vin manm sendika ant 1898 ak 1914? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 7



**Eta Georgia akeyi fonksyònman nouvo  
Lwa sou Travay Timoun.**

Sous: L.C. Gregg, *Atlanta Constitution*, 1907 (adapte)

- 7 Dapre desen sa a, kouman Lwa sou Travay Timoun nan Georgia ap ede timoun yo? [1]

---

Score

## Dokiman 8

... Nenpòt moun kapab di òganizasyon travayè yo anvayi oswa refize libète pou travayè gason yo. Men mande gason ki te travay nan min chabon bitime yo pandan douz, katòz, sèz èdtan pa jou, pou yon dola oswa pou sis goud vennsenk, epi kap travay kounye a pandan uitèdtan pa jou epi ki genyen salè ki ogmante a 70 poustan nan sèt dènye ane yo—ale di mesye sa yo yo pèdi libète yo epi y ap ri ou. . . .

Sous: Samuel Gompers pou Federasyon Sivik Nasyonal, 25 avril 1905 nan *The Samuel Gompers Papers*, University of Illinois Press, Volim 6. (adapte)

- 8 Dapre dokiman sa a, ki **youn** nan benefis ki te pou yon echanj sendika? [1]

---

Score

## Seksyon B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti pou *pi piti nan senk* dokiman nan redaksyon w la. Sipòte repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

### Kontèks Istorik:

Depi fen Lagè Sivil la ak kòmansman ane 1900 yo, endistriyalizasyon te kreye bezwen pou yon pi gwo mendèv. Kondisyon travay yo te chanje anpil, ki te lakòz souvan difikilte pou travayè yo. Gouvènman, gwooup yo ak moun yo te fè efo pou rezoud anpil nan pwoblèm sa yo. Lavi travayè Ameriken yo te chanje akòz rezulta aksyon sa yo.

### Sa w gen pou fè:

Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo epi ak konesans ou nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri pwoblèm travayè Etazini yo ant fen Lagè Sivil la ak kòmansman ane 1900 yo
- Diskite aksyon gouvènman an, gwooup yo, *ak/oubyen* moun yo te pran pou amelyore lavi travayè Ameriken yo pandan peryòd sa a.

### Gid:

#### Nan redaksyon ou a, asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan senk* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
<b>Final Score</b> (obtained from conversion chart) scaled 1–100	